# «ǴÁRIP ASHÍQ» DÁSTANÍNDA KÓRKEM OBRAZLAR «ǴÁRIP ASHIQ» DÁSTANINDA UNAMLI OBRAZLAR

**N. Aytmuratova**

*Qaraqalpaqstan Respublikası Nókis qalası1-sanlı ayrım pánler tereńlestirilip úyretiletuǵın klası bar ulıwma orta bilim beriw mektebiniń Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı muǵallimi.*

□□□□□□□□□□□□ *Bul maqalada qaraqalpaq xalıq dástanlarınıń biri bolǵan «Ǵárip ashıq» dástanındaǵı kórkem obrazlar haqqında sóz etilgen.Sonday-aq, folklorlıq dóretpelerdi izertlewshi alımlar hám Ǵárip ashıq dástanı haqqında maǵlıwmat berildi.*

□□□□□□□□□□□□□□ *folklor, ádebiyat, jıraw-baqsı, dástan, basqa xalıqlar.*

□□□□□□□□□ □□□□□□ *фольклор, литература, жирау-баксы, эпос, другие народы.*

□□□□□□□□□□□□ *folklore, literature, jiraw-baksi, epos, other nationalities.*

Hár bir kórkem ádebiy dóretpe ideyasınıń júzege keliwi sol shıǵarmadaǵı jasalǵan kórkem obrazlardıń sıpatınan, olardıń ómir shınlıǵına muwapıqlıǵınan ǵárezli boladı, desek qátelespeymiz. Obraz jazba realist ádebiyatta da, xalıq awızsheki dóretpelerinde de kńrkem shıǵarmadaǵı waqıyanıń rawajlandırıwshısı hám tikkeley qatnasıwshısı bolıwı múmkin. Yaǵnıy, obraz – kórkem óner hám ádebiyattı turmıstı ózine tán kórkem formada sáwlelendiriwshi ayqın kórinis hám xarakterler 3 at, hádiyse hám insannıń qatań jaǵdaydaǵı xarakterli halatı, is – háreketi, kewil – keypiyatı hám ózine tán ayırmashılıǵın anıq kórsetiwshi obrazlar hár qıylı: adam obrazları, personajlar, tipler, tábiyat obrazları (peyzaj) hám sóz obrazları sıyaqlılar.

Demek, ádebiy obraz adamlar hám hádiyselerge tán xarakterli tiplik belgilerdi konkret, individuallasıtrılǵan formada ulıwmalastırıwdan ibarat.

Jazıwshı, obrazlar arqalı turmıstıń belgili tárepin sáwlelendirip, turmıs hádiyseleri ústinlik húkim shıǵardı. Ol adamlar obrazınıń óz-ara baylanısın, gúresin sáwlelendiriw arqalı túrli sharayatlardaǵı adamlardıń sociallıq minezin hám tábiyat hádiyselerine qatnasın ashıp beredi. Kitap oqıwshılarında da usınday sezim hám keypiyat tuwdıradı[58].

Usı orında sonı da aytıp ótiw kerek, bul anıqlama tiykarınan, jazba realistlik ádebiyattaǵı obrazlardı sıpatılawǵa qaratılǵan. Al, awızeki xalıq dóretpelerindegi obraz hám onıń jasalıw jolları realist jazba (avtorlıq) ádebiyattan biraz ózgeshelenedi. Sebebi, awızeki xalıq dkretpeleri ásirden - ásirge ótiw processinde dóretpeniń mazmunı, syujetlik hám kompoziciyalıq qurılısı, kórkem poetikalıq

Ҳамидов Ҳ, Абдуллаев Ш, Ибраҳимова С, Адабиётшунослик терминлари луғати, иккинчи нашриёти, Тошкент: «Ўқитувчи», 1970, 138-бет.

dárejege ózgerip otıradı. «Ǵárip ashıq» dástanında obrazlardıń jasalıwı folklorlıq súwretlew arqalı ámelge asırılǵan desek durıs boladı. Yaǵnıy, obraz – folklorda, ádebiyatta, turmıs haqıyqatlıǵın kórkem túrde súwretlew ushın taqlaǵan adam xarakteri, personajlar obraz arqalı jıraw yaki baqsı (yaki jazıwshı) sóz etip otırǵan dáwirdiń ózine tán belgisin, áhmiyetli máselelerin juwmaqlastırıp beredi. Folklorda obraz kópshiliktiń qabıl etiwine ılayıqlasıtırıp dóretiledi. Sonlıqtan folklorda dóretilgen hár bir obraz kópshiliktiń oy - ármanların, idealın alıp júredi. Folklorda obraz arqalı xalıqtıń bir dáwirdegi emes, al bir neshe dáwirdegi turmıs haqıyqatlıǵına tiyisli belgiler beriwi múmkin[59].

Bizińshe, professor S. Axmetov hám S. Bahadirovanıń bul pikiri durıslıqqa sáykes keledi. Sebebi, folklorda jeke individual sıpatı jazba ádebiyattaǵı sıyaqlı tereń túrde jaratılmaydı, al ulıwma obrazdıń ózin qorshaǵan jámiyet, xalıq kóz – qarasınan kelip shıǵıp unamlı hám unamsız sıpatqa bólinedi. Bunday bolıp bóliniw obrazdıń xalıqtıń idealına muwapıqlıǵına qaray ajıraladı. Al, janrlıq jaqtan obraz lirikalıq, epikalıq hám dramalıq bolıp ta jiklenedi[60]. Sonday – aq kórkem metodlıq jaqtan realistlik obraz, romantikalıq obraz, miflik obraz, qıyalıy – fontastikalıq obraz, simvolik obraz, Ápsanalıq obraz bolıp ajıratıladı[61].

Xalıq awızeki ádebiyatınıń eń keń hám ómirdi tereń qamtıytuǵın forması bolǵan dástanlardaǵı obraz jasaw máselesi boyınsha túrkmen, qaraqalpaq, ózbek hám qazaq ádebiyattanıw iliminiń ilimpazları bizge shekemgi dáwirde – aq ilimiy izertlew jumısların júrgizgen.

Dástanlardaǵı obraz jasawdıń ózgesheligi boyınsha rus ilimpazları V.M. Jirmunskiy hám X.T. Zaripovlar tómendegi sheshimge keledi. «Xalıq romanlarında ideal hayal obrazı batırlıǵı hám hayallıq gózzallıǵı romantikalıq usılda toqımalanıp jasaladı, biraq sociallıq shınlıq penen tikkeley baylanıspaydı[62], yaǵnıy olar ózbek qaharmanlıq dástanlarında obraz jasawdıń dástúriy usılına ayırıqsha dıqqat bóledi, olardaǵı obrazlar tradiciyası syujet tiykarında jasaladı», dep juwmaq shıǵaradı.

Al, «Ǵárip ashıq» dástanındaǵı obrazlardı jasawdıń kórkem ózgeshelikleri boyınsha ilimpaz O. Madaev óziniń ilimiy izertlewinde keń orın beredi hám «ǵárip ashıq» dástanınıń Xorezm versiyasındaǵı bas obrazlardıń jasalıwın kórkem metodlıq baǵdarda tallap Xalıq «Ǵárip hám Shaxsánem» obrazların jaratar eken, aldın olardaǵı ayırıqsha bir qásiyelerin bórttirip súwretlewge itibar beredi. Ol hám bolsa ashıq-mashıqlardaǵı haqıyqıy sıpatlarınıń bayanlanıwına tiykarlanadı[63], dep

---

59 Ахметов С, Баҳадирова С, Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги. Нөкис. «Билим» 1992, 67-68-бетлер.
60 Ахметов С. әдебияттаныў ьерминлериниң қысқаша сөзлиги, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1979.
61 Бабаев Т. Адабиётшунослик асослари, Тошкент, «Ўзбекистон». 202, 57-б.
62 Жирмунский В.М, Зарипов Х.Т. Узбексий народный героический эпос, Уфа, 1970, ст. 225.
63 Мадаев О.А. Хоразм достонлари ва уларнинг ўзига хос хусусиятлари (Кан. дис). Тошкент, ӨзМ.У. китапханасы 1973, 78-б.

juwmaq shıǵarıp, bul dástandaǵı qaharman obrazları kórkem jaratılıp, múmkin emes dárejede tastıyqlaydı.

Professor Q. Maqsetov bolsa «Olar bir – birewin sırtqı sulıwlıq ushın súygen emes, eń dáslep kózge taslanatuǵın nárse - óz ideyaların Sánem ǵáripti, Ǵárip Sánemdi tabadı. Olardı bir – birine jaqınlastıratuǵın sabaqlar jan sezimi tarlarınan qurallanǵan. Qızıq jeri, bulardıń súyispenshiliginde turmıslıq elementler ayqın bayqalıp turadı»[64] dep «Ǵárip ashıq» dástanındaǵı Ǵárip hám Shaxsánem obrazlarında real turmıslıq shınlıqqa say súwretlengen turǵıslıq elementler basım ekenligin belgilep ótedi.

Mine, joqarıǵıdaǵı ilimiy juwmaqlardan kelip shıǵıp, bul izertlewshi alımlardıń pikirlerin qollap – quwatlawımız hám jumısımızdıń bul babında «Ǵárip ashıq» dástanındaǵı obrazlar dúzimin usı baǵdardan analizlewdi maqset etemiz.

Biz ózimizdiń izertlewimizde ádebiyatshı ilimpazlardıń pikirlerine súyengen halda «ǵárip ashıq» dástanın dóreliw negizi boyınsha individuallıq tvorchestvonı iyeleytuǵın dástan dep esaplaymız. «Bul dástan «Ǵárip» atlı ataqlı Tabriz shayırınıń hám jırshısınıń qosıqları tiykarında toplanǵan. Keyin xalıq arasında awızsha taraw processinde dástan kollektivlik tvorchestvonıń jemisi bolıp qaldı»[65]. «Ǵárip ashıq» dástanınıń túrkmenshe, qaraqalpaqsha versiyalarında baslı obrazlar Ǵárip, Shaxsánem, Ázberxoja, Gúlnahal, Shaabbaz, Shaxwálet, Abadan, Gúljamal sıyaqlı personadlar arqalı kórinedi.

Dástandaǵı bas qaharmanlar Ǵárip hám Shaxsánem. Dóretpedegi epikalıq syujet, tiykarınan usı qaharmanlardıń, háreketine baylanıslı qurılǵan. Usı eki obraz tiykarında dástannıń baslı ideyası beriledi, yaǵnıy adamzatqa tán bolǵan hasıl qásiyetlerdiń biri bolǵan muhabbat ulıǵlanadı. Ǵárip penen Shaxsánemniń barlıq kúsh-ǵayratı, sana-sezimi, aqıl-oyı hadal muhabbatqa baǵıshlanaǵan.

Ǵárip óz atası Hásen wazir ólgen soń sociallıq jaǵdayı tómenlep, joqshılıq kámbaǵallıq basına túsedi, kisi malın baǵıp kúnepledi. Biraq, Ǵárip joqshılıq, ayralıq, jat júrtlarda sergizdanlıqtı basınan keshirsede óz muhabbatınan bezip ketpeydi, Sánem dep jasaydı, Sánem ushın shiyrin janınan keshiwge de tayar turadı. Sebebi, ol óz ómiriniń mazmunın Sánemge qosılıwda dep biledi. Ǵárip óz muhabbatı ushın, ar-namısı ushın qara kúshlerden qorıqpay gúresetuǵın dáwjúrek jigit. Biraq ol qaharmanlıq dástanlardaǵı batırlarday astına at minip, ústine sawıt kiyip, iynine oq jay asıp, qolına qılısh, nayza alıp sawash maydanıda gúrespeydi. Ǵárip júregin ashıqlar otı shalǵan duwtarınan naması tógilgen tiline ájayıp qosıǵı tógilgen hosh hawaz, sazende, ónerli jigit. Ol ashıǵı Sánemdi dúnyadaǵı hámme nárseden de joqarı qoyadı. Hár kimniń súygen yarı bolsa, sonı eń jetiskenlik dep biledi.

---
[64] Максетов Қ. ӨзИ.А. Хабаршысы. 1972-ж, №4. 72-73-бетлер.
[65] С. Якупова. Азербайжанское народное сказание. «Ашық Ғәриб». Баку, 1961. 17-бет.

Bársheniń muhabbın bir alla bersin,
Hár kún yarı mene oynasın kúlsin,
Hár kún mútáj bolsa, alsın, bay bolsın,
Mağan jar kerekmes, duwtar kerekdur.

Ǵárip kóp ǵana qıyınshılıq jaǵdaylardı óziniń sazendelik, goyendelik (qosıq aytıw) óneri menen jeńip shıǵadı. Ǵárip batırlıq dástanındaǵı Alpamıs, Qoblan sıyaaqlı urıwdıń, qáwimniń yamasa pútin bir xalıqtıń arı, mápi ushın gúrespeydi, al óziniń hadal muhabbatı ushın, sol muhabbatqa, yaǵnıy súyiwge súygiligin tańlawǵa bolǵan insanıylıq huqıqı ushın ján-táni menen gúresedi. Sonlıqtan da Ǵáriptiń qaysı urıwdan, hátteki qaysı xalıqtan ekeni aytılmaydı, oǵan ulıwma áhmiyet berilmeydi. Ǵáripke jol bermeytuǵın kúshler barshılıq edi. Biraq Ǵárip barlıq qıyınshılıqlarǵa,azaplarǵa tozim beredi, muhabbatqa gúlli ómirin baǵıshlaydı hám jeńiske erisedi.

Ǵáriptiń shıń muhabbatına Sháhsenem iláhiyme qız. Ol Ǵáripti barlıq ján-táni menen súyedi. Ǵiybatkeshlerge, shuǵıllarǵa aqıl-parasat penen shıdam beredi. Sháxsánem ushın eń joqarı maqset – Ǵáripke qosılıw muhabbattıń ústinligine erisiw. Shın muhabbat sociallıq teńsizlikti, rassalıq yamasa milliy ayırmashılıqtı moyınlamaydı. Onıń moyınlambaytuqını haqıqıy júrek sezimleri, sol sezimlerge sadıqlıq opadarlıq ǵana, basqa máseleler súyiskenler ushın ekinshi dárejeli bolıp esaplanadı. Sánemde usı qásiyetlerdiń bári bar. Onı baylıq mártebe qızıqtırmaydı. Sonlıqtanda ol sociallıq jaqtan ózinen álle qayda tómen, kámbaǵal Ǵáripti shın kewlinen súyedi, oǵan sadıq boladı. Ol kóp jerlerde Ǵárip ushın, yaǵnıy óz muhabbatı ushın jeke basın qáwip-qáterge tigedi, ayralıq azaplarına shıdam beredi, úmit otın sóndirmeydisúygen yarın uzaq jıllar kútedi.

Hár bir ótken kúnim bir jılday keshti,
Kúnnen kúnge halım jamanǵa tústi,
Mudan matan menen kúnlerim keshti,
Bir kún shax bolmadım sen yar ketkeli.

Bul qatarlarda yarınan ayra túsip, saǵınısh qursawında qosılǵan Sánemniń júrek dártleri beriledi.

Ǵárip hám Shaxsánem obrazınıń gózzallıǵı sonnan ibarat, olardıń ishki dúnyası gózzallıqqa, júrekleri sap muhabbattıń moldir sezimlerine tolı. Olardıń muhabbat jolındaǵı kórgen kórimleri, is-háreketleri adam huqıqın ayaq astı etetuǵın, shirip ketken orta ásirlik feodallıq tártiplerge, dástúrlerge qarsı gúrestiń sáwleleniwi bolıp tabıladı. Muhabbat – bul joqarıda aytılǵanınday sociallıq teńsizlikti, milliy ayırmashılıqtı, mámleket shegaralardı moyınlamaytuǵın ulıwma insanıylıq paziletlerdiń biri. “Ǵárip ashıq” dástanı gumanistlik ideyalarǵa tolı dep aytıwımzdıń mánisi de usında.

Dástanda Ǵárip hám Shasenem obrazın tolıqtırıwǵa járdem beretuǵın obrazlar bar.

## 2.2 Unamsız obrazlar

Dástandanda unamlı obrazlar menen birge unamsız obrazlarda ushırasadı. Mısalı, Shaabbaz patsha súyiskenlerge qarsı qara kúshlerdiń simvolı. Ol sotciallıq jaǵdayı tómen, óziniń teńi emes Ǵáripke Shasenemdi beriwge namıslanıp, Ǵáripti úzliksiz quwdalaydı. Shaabbaz – eski fiodallıq tártiplerdiń, gónergen dástúrlerdiń qorǵawshısı. Onıń ushın muhabbat sezimleri jalǵan, túsinkisiz nárseler. Onıń túsiniginde jaslardı nekelew materiallıq, ekonomikalıq jaqtan paydalı bolıwı kerek. Shaabbaz jeke basınıń ǵamın oylap, tajı-taqtıń bekkemlew ushın qızı Shasenemdi onıń ıqtıyarına qaramay patsha Shahwaletke bermekshi boladı. Biraq onıń bul niyeti iske aspaydı, súyisken Ǵárip hám Shasenem ózleriniń muhabbatına sadıqlıqǵı, dáw júrekliligi menen jeńip shıǵadı.

Patsha Shahwálet obrazınıń hám unamsız hám unamlı tárepleri bar. Unamsız tárepleri sonnan ibarat, ol dáslep Ǵárip penen Shasenemniń muhabbatın moyınlamaydı, Ǵáripti el gezip júrgen sayaq, diywana dep qabıllaydı. Shasenemniń gezende Ǵáripti súyetuǵınına isenbeydi. Ol Ǵáripti mısqıllap “Kóshkiniń astına barıp bir eki awız sóz ayt. Eger Shasenem qálese, men saǵan berip jaqsılıq etemen”, - dedi. Shahwálettiń kewlinde: “Menińdey patshazada onı almaqshı bolǵanda, bunday bir kámbaǵaldı ne qılsın” degen oy boladı. Ǵárip bir neshe qosıqlar aytadı. Shasenem Ǵáriptiń ústine bálent kóshkiden taslaydı. Pirlerdiń qollahı menen eki ashıq aman-esen qawısadı. Bunı kórgen Shahwálet kewlindegi menmenlik pikirden qaytıp, eki ashıqtıń muhabbatına tán beredi. Muhabbat degenniń ullıǵıǵın, onı hár qanday qara kúshler jeńe almaytuǵının túsinip jetedi. Ol mártlik etip sózinde turadı hám óziniń shaw-shuwlı toyın Ǵárip penen Shasenemniń toyı dep daǵazalaydı. Bul epizotlar onıń obrazınıń unamlı táreplerin kórsetip turadı.

Babaxan obrazı unamsız obrazlar qatarına kiredi. Unamsız tárepleri sonnan ibarat, Shasenem, Babaxan shatır degen sawdagerdi óziniń jaqın adamı dep esaplaytuǵın edi. Ol súyikli yarı Ǵáripti Babaxan shatır mene Álepshirwanǵa barıp izlep qaytıw ushın ákesi Shaabbazdan ruxsat alıp jolǵa túsedi. Jolda Babaxan shatırdıń qıyalı buzılıp Shasenemdi basqa bir jurtqa alıp barıp, ózine qatınlıqqa almaqshı boladı. Biraq Shasenem Babaxan shatırdı háwizde uwlap óltirip, bul dúnyanıń biyopalıǵına qarap zar-zar jılap, ashıǵı Ǵáripti izlep ketedi.

### 2.3. Basqa da hár qıylı obrazlar

Dástanda joqarıda aytıp ótken obrazlardan basqa Ǵárip penen Shasenemniń obrazların hár tárepleme tolıqtırıwǵa, syujetti qızıqlı etiwge kómegin tiygizetuǵın ekinshi dárejeli personajlarda bar. Olardan, baǵman baba obrazı eki ashıqtıń ayralıqtan keyin qayta ushırasıwı ushın xızmet etedi.

Ǵárip anası hám qarındası menen qushaqlasıp, jılasıp xoshlasadı hám birneshe mánzil jol jórip, Shasenemniń baǵına keledi. Baǵdıń ishine kirip kelgende, bir baǵman baba gúllerdi seyil etip júrgenin kóredi. Baba oǵan:

- Háy ulım, bul baǵqa qus kelse qanatı, qulan kirse tuyaǵı kúyedi, janıńnan qorıqpay, bul jerge neg keldiń? –dedi.

**Ǵárip:**

-"Meniń belgili baratuǵın jerim joq, jetim balaman. Ulsızǵa – ul bolıp, júreyin degen kıyalım bar", - dep babaǵa bala bolıp, jumıslarına járdemlesip, baǵdıń nállerin tárbiya qılıp júre berdi. Bir kúnleri Ǵárip baqqa kelip ashılǵan gúllerden terip bir shámen bayladı. Sol shámenniń ishine óz hal-awhalın bayan etetuǵın qosıqtı qosıp bayladı sol waqıtta baǵman kirip keldi. Ǵáripke kózi tústi. Ǵárip shámendi taslap qashtı. Baǵman kelip kórse, óziniń baylaǵan shámeninende jaqsı etip baylaǵan eken. Baǵmannıń ózide jáne bir neshe shámen baylap, Ǵáriptiń shámenleri menen qosıp, Shasánemniń aldına alıp bardı. Shasenem shámenlerdiń ishinen ayrıqsha jaqsı bir shámendi kóredi hám babadan bul shámendi kim baylaǵanın sorap bilip aldı da, "Endi shámenlerdi usınday etip baylap kel," – dep babaǵa jılwa menen xoshamet beredi. Baba bul etken xoshametti "Shasenem maǵan ashıq eken" – dep túsinip baba kóterińkilik penen Shasenemge bir qosıq aytadı, buǵan Shasenemniń sırlası, qısılǵanda keńes beretuǵın aqılgóyi. Ol eki ashıqtıń tabıssıwın, táǵdirleriniń bir-birine qosılıwın kóp járdem beredi, olarǵa tilekles boladı.

Azberxoja obrazı Ǵárip Álepshirwanǵa kelip hár tárepke qarap "bul qalada Aqshanıń yarı – Azberxoja kózine túspespe eken?" – dep otırdı tap sol waqıtta Aqshanı izlep, Diyarbákir júrtına ketpek bolıp turǵan Azberxojaǵa jolıqtı.

Sol jerde hal awhal sorasıp bolıp:

- Shasenemge mennen sálem ayt, hal-awhalında bayan et, - dep, Azberxojaǵa tapsıradı Azberxoja Ǵárip penen xoshlasıp, Diyarbákirge júrip ketti. Neshshe kúnlik jol júrip Diyarbákirge jetip keledi. Ol sawdager túrinde Sánemniń kóshkisiniń astına kelip, túrli zatlardın shıǵarıp, sawda etken kisi bolıp otıra berdi. Shasenem menen Aǵsha neni tanır, olar mennen xabar alar,-dep otırıp edi. Bir waqıtları Shasenem menen Aqsha kóshkiniń ústinen qarasa. Bir adam dúkan ashıp otırıptı. Shasenem, Azbekxoja ekenin tanıp, Aqshaǵa yarınıń kelgenligin aytadı. Sóytip, qánizek qızlarınıń birewin jiberip, Azberxojanı shaqırttı. Aqshanı bir jayǵa jasırıp qoydı. Azberxoja, Shasenemniń shaqırǵanına kelmedi.

**Azberxoja:**

- Men muradına jete almaytuǵın qusayman, - dep qorıqtı.

**Qánizek:**

- Shasenemniń qasına heshkim bara almaydı, eger barmasań seni adam jiberip, qol-ayaǵıńdı baylatıp aldıradı. Onnanda meniń menen júrgeniń jaqsı, - dedi. Onnan soń Azberxoja qánizek penen Shasenemge keldi.

- Nege dúkandı bazarǵa ashıp, zatlarıńdı satpaysań, degendi para qıldıraman! – dedi. Sol waqıtta Azberxoja Shasenemge ırasın aytadı. Sonnan keyin "seniń gúnańdi keshtim Álepshırwanda Ǵáripti" kórmedińbe? –dep soraydı.

Azberxoja kórgen bilgenin bayan etip Ǵáriptiń saw-salamat júrgenin, jollaǵan sálemin aytadı. Keyinen Aqsha menen tabısıp, eki ashıq Aqsha turǵan jayǵa ketedi. Bul epizotlar onıń obraznıń unamlı tárepleri kórsetip turadı.

Al dástandaǵı mifologiyalıq obrazlarǵa názer awdaratuǵın bolsaq. Dástanda háziretiáliy obrazı mısal bola aladı.

Ǵárip jolda ketip baratırsa aldınan bir atlı shıǵıp, atına mindirip, kóz ashıp jumǵansha Diyarbákirge jetkerdi. Ol atlı Ǵáripke:

- Háy balam! Bul attıń izziniń topıraǵınan, soqır bolǵan adamnıń kózine súrtse dwa boladı, - deydi de, kózden ǵayıp boladı. Ol háziretiáliy Shahinardannıń ruwxı edi.

Dástannıń sońında usı topıraqtı Ǵárip anası hám qarındasınıń kózine súrtip kózlerin ashıp, barlıq qara kúshlerdiń ústinen jeńiske erisip, Shasenemge qosılıp baxıtlı boladı.

**Juwmaq**

"Ǵárip ashıq" dástanı ashıqlıq dástanlardıń arasında xalıqqa kóbirek sińip ketken, ashıqlardıń psixologiyalıq ruwxın tereń súwretlep bere alǵan shıǵarmalardıń biri.

"Ǵárip ashıq" qaraqalpaq baqsılarınıń repertuarınan keńnen orın alǵan bolıp, bul dástandı bilmeytuǵın baqsınıń ózi bolmaǵan. Usı tiykarda qaraqalpaq xalqı arasında keńnen taralǵan "yardıń gúli keldi, ózi kelmedi", "ulıma uqsaydı hawazıń seniń", "Jan aǵan qayda barasań", "Xoja baǵman", "Sánemjan" "Keler solmana-sollana" h.t.b. xalıq namaları payda boldı. Bul namalar elege shekem baqsılar tárepinen oǵada sheberlik penen atqarıladı.

Dástannıq ekinshi tárepi sol waqıttaǵı adamlar ármanlarına qarama-qarsı bolǵan feodlizmniń shirin sıpatında keskin áshkaralawǵa qaratılǵan. Adamgershilikten góre dúnyamaldı ústin qoyǵan, adamlardı jarlı hám baylar dep ekige bólgen, sonday-aq jarlılar ústinen bolǵan adam shıdamaslıq ústemlikler Ǵárip obrazı arqalı ayqın súwretlenedi. Dástanda kórsetilgendey – aq baylıq artırıwshı adamlar belgili bir waqıt ushın ǵana jasaydı. Birewdiń jaqsılıǵınan, danalıǵınan paydalanadı. Ol adam óliwi menen, az waqıt ótkennen keyin, onnan bezedi, perzentlerin qorlaydı. Birin-biri jaqsı kórsede qızın oǵan beriwdi ar kóredi.

Bulardıń hámmeside de bir-birewge járdem beriwden kóre, kemsitip minewge tápershi, yaǵnıy birewden kek alıwdı ǵana jaqsı kóretuǵın sol ádalatsız zamannıń kelbeti.

Usınday jaǵdayda da dástan xalıq tárepide turıp jırlanadı. Xan hám onıń ámeldarlarınıń siyasatın áshkarlaydı. Olardıń morallıq ideyalarınıń buzıqlıǵın, óz perzentinen kóre dúnya malǵa beyimligin, adamgershiliktiń normalarına sáykes kelmeytuǵın qılwaların áshkaralaydı.

Sonıń ushında xalıq dástanları xalıqtıń ashıqlıq penen batırlıq, ádalat jolındaǵı gúres eń baslı orınǵa kóteriledi.

Bul folklor menen ádebiyattı biriktiriwshi sintez bolıp xızmet eetedi.

Qaraqalpaq dástanları bir neshe ásir ómir súriw nátiyjesinde kóp ǵana jırawlardı, kóp waqıyalardı atqarıwshılardan bizge jetip kelgen altın miras bolıp uzaq dáwirler dawamında bolǵan waqıyalardı qurallarınan paydalanıw qusaǵan dástúriy sıpatlawlardı jırawdıń jeke ózgesheliginen baylanıslı úyrenemiz.

Biz bul jumısımızda ashıqlıq dástanlardıń biri bolǵan “Ǵárip ashıq” jástanınıń janrlıq ózgeshiligine, úyreniliw tariyxına, obrazlar dúzimine dıqqat awdardıq. Kirisiw bóliminde dástannıń jıynalıw, izertleniwi, basılıp shıǵıwı haqqında sóz etiw menen birge “Ǵárip ashıq” dástanı qaraqalpaq xalqınıń altın miyraslarınan biri ekenligi. Onıń ruwxıy turmısımızdaǵı áhmiyetine dıqqat awdardıq.

Birinshi bapta “Ǵárip ashıq” dástanı haqqında ilimiy maǵlıwmatlar hám onıń janrlıq ózgeshelikleri haqqında sóz ettik. Bunda dástannıń úyreniliw tariyxına kóz jiberip, jazıp alınıwı, basıp shıǵarılıwı, ol haqqında miynetlerge sholıw jasadıq.

Al ekinshi babında bolsı, “Ǵárip ashıq” dástannıń obrazlar dúzimine dıqqatımızdı awdardıq. Onda unamlı obrazlar Ǵárip, Shasenem obrazlarına qarındası, anası, Shahwálet obrazlarına h.t.basqa da obrazlarǵa qısqasha toqtap ótip maǵlıwmatlar berip óttik. Unamsız obrazlarǵa Shaabbaz, Babaxan obrazların kirittik. Al,mifologiyalıq obrazǵa Házireti áliy obrazın mısal etip aldıq. Ekinshi dárejeli hár qıylı social topar wákilleriniń obrazlarına, baǵman baba, Ázberxoja,Aqsha apa qusaǵan obrazlardı mısal etip aldıq. Sonıń menen joqarıda aytılǵanlardı juwmaqlap kelip “Ǵárip ashıq” dástanı xalqımızdıń social turmıslıq jaǵdayların, sol dáwirdegi ashıqlardıń táǵdiri haqqında sóz etetuǵın shıǵarma dep qaraymız.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:


1. Karimov I.A Joqar mánawiyat – jeńilmes kúsh. Toshkent. “Mánawiyat” 2008,4-b
2. Abdullaev Ó. Ádebiyat teoriyasınıń esosları Ashqabat, “Manaraf” 1985
3. Agodjonov Ó. Ocherki istorii oguzov i turkmen sredney Azii IX-XIII vv. Ashgabad, 1969
4. Ayımbetoa Q. Qaraqalpaq folklorı, Nókis, “Qaraqalpaqstan” 1977
5. Ayımbetov Q. Xalıq danalıǵı, Nókis, “Qaraqalpaqstan” 1988
6. Alimov A. Qaraqalpaq liro-epikalıq dástanları, Nókis, “Qaraqalpaqstan” 1983.
7. Axmetov S. Bahadirova S. Folklorlıq terminlerdiń qısqasha sózligi, Nókis, “Bilim” 1992.
8. Axmetov S. Esenov J. Járimbetov Q. Ádebiyattanıw atamalarınıń orıssha-qaraqalpaqsha túsindirme sózligi. Nókis, “Bilim” 1994.
9. Babaev T. Adabiyatshunoslik asoslari, Toshkent “Wzbekston” 2002.
10. Jirmunskiy V.M. Zoripov X.T. Wzbekskiy geroieskeiy epos, Moskva, gixl, 1947.
11. Karoglı X.G. “Shasenem i Garip” narodnıy dástan, Moskva 1955
12. Madoev O, Xorezm dastanlari va ularning uziga xos xususiyatlari, kan.dis. Tosh, 1973.
13. Maqsetov Q.M. Qaraqalpaq follorınıń estetikası, Nókis, “Qaraqalpaqstan” 1971.
14. Maqsetov Q.M. Qaraqalpaq folklorı, Nókis mámleketlik Universitet ushın sabaqlıq Nókis, “Qaraqalpaqstan” 1979.
15. Maqsetov Q.N. Qaraqalpaq jıraw baqsıları, Nókis, “Qaraqalpaqstan” 1983.
16. Maqsetov Q.N. Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki dóretpeleri Nókis, «Bilim», 1996.
17. Muravev .. Puteshestvie v Turkmeniyu i ivu 1819-1920-godax. Moskva 1822
18. Saǵitov I. Ádebiyat hám folklor. ókis 1983
19. Járimbetov Q. Qaraqalpaq ádebiyatı. Kásip óner kolledjleri oqıwshıları ushın sabaqlıq. Nókis, «Bilim», 2006
20. Járimbetov Q. XICX ásirdegi qaraqalpaq lirikasınıń janrlıq qásiyetleri hám rawajlanıw turiyxı. Nókis, 2006.
21. Tájimuratov A, Myaqtitov Q.M. Qaraqalpaq folklorı, Universitet ushın sabaqlıq, Nókis «Qaraqalpaqstan», 1979
22. Tolstov S.P. Po sledam derevno Xorezmkiy civilizacii, Moskva 1948.
23. Hamidov . X. Shıǵıs tillerindegi jazba derekler. Nókis, «Bilim» 1991

25. Yakupova S. «Azerbayjanskoy narodnoe skazaniya» «Ashıq Ǵárip» A.N. «Baku» 1968.
26. Qaraqalpaq folklorı «Ǵárip ashıq» Nókis, 1980.